ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№91 (22.999) • 2015 гъэм накъыгъэм (майм) и 16, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Зэманым къегъэув

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ иригъэкIуэкIа зэIущIэм щызэпкърахащ шы лъэпкъыфIхэр къэгъэхъуным и Iуэхур зыхуэдэмрэ а лэжьыгъэр республикэм щыщIэгъэхуэбжьэнымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэмрэ.

Дадэ МуIэед

- АБы и лъэныкъуэкIэ къалэнышхуэхэр къытпэщытщ. Япэрауэ, шы гъэхъуныр игъащIэ лъандэрэ къыддекIуэкI IэщIагъэщ, ди лъэпкъ щэнхабзэм къыгъэхьулIэ имыIэу епхащ. Ди мурадхэр зэдгъэхъулIэн папщIэ, мы Iуэхум лъабжьэ быдэ къыхуэздмыгъэпэщу хъунукъым. Дуней псом къыщалъытэ шы лъэпкъыфIхэм хуэдэхэр къэдгъэхъуну дыхуеймэ, селекцэ лэжьыгъэм дегугъун хуейщ. Ди нэгу зэрыщIэкIщи, рынок зэхущытыкIэхэм дызэрыхуэкIуэ лъандэрэ дэкIа зэманым кIуибыдэу, Урысейм и дэнэ щIыпIи хуэдэу, ди республикэми а Iэнатlэр щехуэхащ. Иджы ар къэдмыIэтыжу хъунукъым. Абы и лъэныкъуэкIэ зыужьыныгъэ гуэрхэр зэрыщыIэр гуапэщ. Унагъуэхэм, хозяйствэ щхьэхуэхэм шы гъэхъуным зрат, ауэ ар мащIэIуэщ. Нэхъыщхьэу дызэгуэрун хуейр адыгэш лъэпкъыфIхэр къэгъэхъунырщ, абыхэм зегъэужьныырщ. Къэбэрдейхэм мы Iуэхум гулъытэшхуэ хуащIырт, шым и зехьэкIэм епха Iэмалхэр хуэсакъыу зэIапахырт, яхъумэрт, ирагъэфIакIуэрт. Ахэр екъэпIат я гъэшхэкIэм, къыхэхькIэм, я зегъэужьыкIэм. Еджагъэшхуэхэм къыхагъэщырт къэбэрдейхэр а Iэмалхэм зэрыригушхуэр, я напщIэ зэрытелъыр, я лъэпкъ щэнхабзэм щыщу къазэрыдекIуэкIыр, - къигъэзэгъуащ КIуэкIуэ Юрий зэхьихэр къыщызэIуихым.

Абы зэрыжиIамкIэ, адыгэшхэм къахохъуэж, мы зэманым я бжыгъэр мин 12-м ноблагъэ. ЛъэпкъыфIхэр зэкIэлъыхьауэ учёт ящI, нэгъуэщI щыпIэхэм къыщыщIоупщIэ, Европэм щыщ къэралибгъуэм щагъэбагъуэ.

Республикэм и Iэтащхьэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, адыгэшым и генофондым хэгъэхьуэныр зы хабзэм, селекцэ лэжьыгъэр план хэхам тету къызэгъэпэщыпхъэщ, къэралхэми къыщагъэсэбэпыфын хуэдэу зэтеубгъэн хуейщ.

ИкIэщIыпIэкIэ гъэзэкIуэжын, нэхъыщхьэу гу зылъатэн хуейми КIуэкIуэ Юрий зэпкърыхауэ къытеувыIащ. Апхуэдэщ Налшык шыгъэжапIэм щызэтрихьа ныкъусаныгъэ инхэр, шы спортым зезыгъэужьыну хуейхэм зэхуэдэ Iэмал къахуэзгъэпэщыныр, къэралпсо, дунейпсо утыкухэм ихьэфыну шууейхэр гъэхьэзырыныр, нэгъэущI куэдри.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым Шы спортымкIэ и федерацэ зэрыдимыIэр щыщIэныгъэшхуэщ. Правительствэм къалэн щызощI ар къызэгъэпэщыным пыщIа Iуэхуэхэр бадзэуэгъуэм и 1 пщIондэ игъэхьэзыру, къысIэригъэхьэну, - къыхигъэщащ республикэм и Iэтащхьэм.

Къыхалъхьа Iэхуэгъуэм теухуауэ зэхьихьэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и хуэдэ - мэкъумэш хозяйствэмкIэ министр Дадэ МуIэед, Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш хозяйствэмкIэ и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и унафэщI Мэремыкъуэ Арсен, IэщIагъэлI щхьэхуэхэр.

ХЬЭЖЬКЪАРЭ Алик.

ЕГЭ-р 2015 гъэм егъэкIуэкIыныр гулъытэ нэхъыщхьэ зыхуэщIыпхъэщ

КIуэкIуэ Ю. А. хэтащ Урысейм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэ Меликов С. А. округым хыхьэ щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэм, видеоконференц зэпыщIэныгъэ Iэмалыр къагъэсэбэпу, дыгъуасэ ядригъэкIуэкIа зэIущIэм

ЗэIущIэр къыщызэIуихым Меликов С. А. КИФЩI-м хыхьэ щIыналъэхэм я унафэщIхэм фIыщIэ къахуищIащ къэралым Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ къызэрыщихьрэ илъэс 70 зэрырикъум теухуа дауэдапщэхэм фIы дыдэу зыхуагъэхьэзыру ахэр екIуи зэрырагъэкIуэкIам папщIэ. Полномочнэ лIыкIуэм псом хуэмыдэу къыхигъэщащ Налшык щекIуэкIа гуфIэгъуэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхьэрым «Зауэ щIыхьым и къалэ» цIэ лъапIэр илъэситху и пэкIэ къызэрыфIащам пыщIауэ щытахэр.

ЕГЭ къэпщытэныгъэхэр егъэкIуэкIыным щытепсэлъыхьым Меликов Сергей кIуэ гъэкIыжащ, полномочнэ лIыкIуэм и деж щыIэ Советым гъатхэпэм и 20-м Ставрополь щызэхуишэса зэIущIэм зэрыщызэгурыIуам тету, 2015 гъэм экзаменхэр зэрекIуэкIыр щIыналъэхэм я унафэщI нэхъыщхьэхэм я нэIэ щIэтын зэрыхуейр.

ЗыIуэ щыт къэрал экзаменхэм зэрызыхуагъэхьэзыр щIыкIэм теухуауэ къэпсэлъащ Рособрнадзорым и унафэщIым и къуэдзэ Музаев Анзор.

ЗэIущIэм апхуэдэуи и гугъу щащIащ курыт еджапIэхэм шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщын Iуэхуми.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапl э.

● Парламент едэIуэныгъэхэр

Унэтlыныгъэ плIым тращIыхь

«IэщхэкIхэм я фIагъым хагъэхъуэн папщIэ, жэм гъэшыфIэхэр, лышхуэ зыщI IэщIэвыщIэр къэгъэхъуным, мэл, шы лъэпкъыфIхэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ ирагъэкIуэкI селекцэ лэжьыгъэр зыхуэдэр». Араш зытеухуауэ щытар КъБР-м и Парламентым Мэкъумэш политикэмкIэ, экологиемкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымрэ щIы зэхущытыкIэхэмкIэ и комитетым къызэригъэпэща зэIущIэр. Абы хэтащ республикэм и Парламентым и депутатхэр, министерствэ, ведомствэ щхьэхуэхэм, агропромышленнэ комплексым и Iэнатlэхэм я унафэщIхэр, щIыпIэ унафэр зезыгъэкIуэ Iуэхущ Iапl эхэм я лIыкIуэхэр, щIэныгъэлIхэр, жылагъуэ организацэхэм щыщхэр. Зэхьихьэр иригъэкIуэкIащ ар зи жэрдэм комитетым и Iэтащхьэ Мокаев Кемал.

ЗЭРАУБЗIХУАМ тету, мэкъумэш хозяйствэмкIэ министрым и куэдзэ Шэт Мэчрэйл Iэщ гъэхъуным и Iуэху зыIутымрэ абы зегъэужьынымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэмрэ зэIущIэм щызэпкърихащ. Къэпсэлъам къызэригъэлъэгъуамкIэ, илъэс кIуар мыЕйуэ кърахьэлIащ, 2014 - 2020 гъэхэм мэкъумэш хозяйствэр егъэфIэкIуэным, мэкъумэшхэхэм, сырьем, ерыскъыпхъэхэм я рынокыр зэкIэлъыгъэкIуэным тещIыхьа къэрал программэм, Урысейм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэмрэ зэращIылIа зэгурыIуэныгъэм нэхъыщхьэу щыгъэбелджылахэр зрагъэхъулIащ.

- МэкъумэшхэкIыу сом мелард 34-рэ мелуанищэрэ и уасэ нэгъабэ къэдлэжьащ. Ар илъэ ита илъэсым елъытауэ процент 1,2-кIэ е сом мелард рэ мелуан 220-кIэ нэхъыбэщ. Гъэ кIуам кьэтхьэлIам и процент 23,2-р мэкъумэш IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм, процент 32-р мэкъумэшыщIэ-фермэр хозяйствэхэмрэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэмрэ, процент 44,8-р уней подсобнэ хозяйствэхэм хуоз. Мы зэманым республикэм Iэщыщхуэу мин 279-рэ щалыгъщ. Абы щыщу мини 137-р жэмщ. Ахэр нэгъабэрей бжыгъэхэм щIегъу. Джэдкъазу, мэлрэ бжэну зэрахьэми хохъуэ. Къапщтэмэ, джэдкъазыр мелуанилIым ноблагъэ, мэл-бжэнэр мин 387-м щIегъу.

Хозяйствэ лIэужьыгъуэ псоми нэгъабэ быдымыдрэ джэдкъазылу (зэрыпсэуэгъуэ шэчауэ) тонн мин 99,1-рэ къалэжьащ. Ар илъэ ита илъэсым елъытауэ проценти 114,7-рэ мэхъу. Абы и лъэныкъуэкIэ КИФЩI-м бжьыпэр щытIыгъщ. «2014 - 2016 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лышхуэ зыщI IэщIэвыщIэ лъэпкъхэм зэрызыщажьынур» программэм ипкъ иткIэ, федеральнэ, республикэ бюджетхэм щыщу сом мелуан 24-рэ къэрал дэIепыкъуныгъэу хозяйстви 8-м хуэхтхащ. Программэм и фIыгъэкIэ, быдымылу къэдлэжьыр мы гъэм тонн мин 51,4-м тхунэгъэсынущ. Джэдкъазылри хэту, дыззрыт илъэсым а бжыгъэр тонн мини 101-м тхущIегъэгъумэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым езым дяпэкIэ лыкIэ зыкъыхузэгъэпэщыжынущ. Абы папщIэ хозяйствэ щхьэхуэхэм лышхуэ зыщI IэщIэвыщIэ къызыщIэхъуэ жэм лъэпкъыфIхэм хэхауэ зыщрагъэужьынущ. Гъэмахуэ хьупIэхэри нэхъыфIу кьэдгъэсэбэпынущ. Къущхьэхъум пэуалъэхэр щызэрагъэпэщыж, быдымыр зэрыщIыгъынум хуагъэхьэзыр, - къигъэлъэгъуащ Шэт Мэчрэйл.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

■ ХъыбарыщIэхэр ■ Адыгэ бзылъхугъэ

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Махуэгъэпс ■ Малъхъэдис

Шэджэм щIыналъэми игъэлъэпIэн иIэщ

ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъум и щIыхькIэ Шэджэм щIыналъэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэм я пэщIэдзэ хъущ зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъу Шэджэм къалэ дэтым деж щекIуэкIа пэкIур. Абы хэтащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр, тылым и лэжьакIуэхэр, щIыналъэ администрацэм и лIыкIуэхэр, районым щыIэ жылагъуэ зэгъэхьэныгъэхэм хэтхэр, школакIуэхэр.

● ТекIуэныгъэ-70

МАХУЭШХУЭМКIЭ ветеранхэм, Iуэхум къырихьэлIахэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ Шэджэм район администрацэм и унафэщI **Ахъуэхъу Къанщобий**.

- ТекIуэныгъэмрэ мамырыгъэмрэ егъэлеIуэ уасэшхуэ щIатащ. ЩIыпкъым зы унагъуэ зауэ гущIэгъунщэм и гуауэ зыплъэмыIэса. Шэджэм щIыналъэм щыщу зауэм кIуащ щIыхь мини 6-м щIигъу. Къэзымыгъэзэжар куэд дыдэ мэхъу. Зэрахьа лIыхъужьыгъэм папщIэ районым щыщ зауэлI 850-м къэрал дамыгъэхэр къыхуагъэфэщащ. Ди къэралым и тхыдэм напэкIуэцI щхьэхуэ щаубыд ди лъэпкъэгъу хахуэхэм - Совет Союзым и ЛIыхъужьхэм Байсултанов Алимрэ Къуэныкъуей Назиррэ. Зауэ губгъуэм икIуэдахэр, зауэм и фэбжьым илIыкIыжахэр, нобэ къэс мыпсоуахэр игъащIэкIэ ди гум ихунукъым. Сэ си фIэщ мэхъу лIыхъужьхэм я щапхъэм щIэтпIыкI ди щIэблэри, хуей хъумэ, Хэкум къызэрыщхьэщыжынур, - жиIащАхъуэхъум.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Мы махуэхэм

Накъыгъэм и 16, щэбэт

♦Ставрополь крайм и махуэщ
♦Биографхэм я махуэщ
♦Къалмыкъым щагъэлъапIэ я шейм и махуэр

♦1954 гъэм Налшык къыщызэIуахащ украин тхакIуэ Вовчок Марко и фэеплъ.

♦1960 гъэм Америкэм щыщ физик Мейман Теодор дунейм щыпэу лазер ищIащ.

♦Адыгэ тхыдэдж, этнограф, тхакIуэ **Хъан-Джэрий Сулътlан** къызэралъхурэ илъэс 207-рэ ирокъу.

♦Адыгэ уэзщIакIуэ, щIэныгъэлI **Хьэтlохъущокъуэ Къазий** къызэралъхурэ илъэси 174-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и артистка **Щхьэгъэпсо Таужан** къызэралъхурэ илъэси 98-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакIуэ, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, РАЕН-м и академик, КъБР-м щIыхь зиIэ и экономист **Къалэ Замир** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

♦Уэчыл, КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист **Бэрокъуэ Хьэсэн Алий** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх тIэкIу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 23-рэ, жэщым градус 12 - 14 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 17, тхьэмахуэ

♦Электросвязымрэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм я зэгухьэныгъэмрэ я дунейпсо махуэщ
♦Гу узыфэхэм ебэныным и дунейпсо махуэщ
♦Къыргызыз Республикэм щагъэлъапIэ Анэм и махуэр
♦Норвегие пащтыхьыгъуэм и лъэпкъ махуэщ - я Конституцэм и махуэщ

♦1944 гъэм Кърым АССР-р щымыIэж ящIащ. Кърымым щыпсэу тэтэр мин 200-м нэс ирашауэ щытащ щалъхуа щIыпIэхэм.

♦Адыгэйм щыпсэуа тхыдэдж, уэзщIакIуэ **Хьэджымыкъуэ Темчч** къызэралъхурэ илъэси 167-рэ ирокъу.

♦Урысей Федерацэм и цIыхубэ артистка **ДыщэкI КIунэ** къызэралъхурэ илъэс 98-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх тIэкIу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 21-рэ, жэщым градус 13 - 15 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 18, блыщхьэ

♦Музейхэм я дунейпсо махуэщ
♦Балтие флотым и махуэщ

♦1764 гъэм Петербург къыщызэIуахащ Урысейм и ятIэ цIыхубэ еджапIэ (Смольнэ институтыр).

♦1780 гъэм пащтыхьыгъуэр зыIэщIэлъ Екатеринэ ЕтIуанэм Санкт-Петербург къалэм и гербым теухуа унафэм Iэ щIидзащ.

♦1925 гъэм Адыгэ Республикэм и лъэпкъ музейр къызэIуахащ.

♦Урысейм и иужьрей пащтыхь **Николай ЕтIуанэр** къызэралъхурэ илъэси 147-рэ ирокъу.

♦ Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, УФ-ми КъБР-ми щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **ХъуэкIуэн Хьэзрэталий** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Мэкъумэш щIэныгъэхэм я кандидат, КъБКъМУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щIыхь зиIэ и агроном **Хьэщlэлl Руслан** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 21-рэ, жэщым градус 13 - 16 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Нэхъыбэм ящIэр хабзэщ.

● Абхъаз Республикэ

ФIыщIэр кIуэдыркъым

Абхъаз Республикэм и япэ Президент Ардзинбэ Владислав къызэралъху-рэ илъэс 70 щрикъу махуэр иджыблагъэ Iэтауэ ягъэлъэпIащ. Республикэм и Iэтащхьэ Хаджимбэ Рауль, Парламентым-рэ Правительствэмрэ я лIыкIуэхэр, къуэш республикэм къикIа хьэщIэ лъапIэхэмрэ цIыху къызэрыгуэкIхэмрэ хэтащ накъыгъэм и 13-м къызэрагъэпэща дауэдапщэхэм.

СЫХЪУМ къалэм дэт ЩIыхьым и мемориальм, Ардзинбэ Владислав къыщалъхуа Эшерэ Ищхьэрэ къуажэм дэт и фэеплъым цIыху мин бжыгъэ зыбжанэм удэ гъэгъахэр траЛъхьащ. Ардзинбэ Владислав и цIэр зэрихьэу Сыхъум дэт Дзэ щIыхьым и музейм гъэлъэгъуэныгъэ хьэлэмэт къыщызэрагъэпэщат. Абхъазым и япэ Президентыр щылэжьа пэшым щIэта хьэпшыпхэр, дэфтэрхэр, сурэтхэр щIэлъат абы. Мы махуэм ирагъэхьэлIат Зантарие Вячеслав и Iэдакъэщ Iэкl «Слово о Первом Президенте» тхылъым, «Избранный» кинофильмым ятеухуауэ къызэрагъэпэща зэхьихьэхэри.

Абхъазым и япэ Президент Ардзинбэ Владислав ягу къыщагъэкIыж махуэр зэраух Iуэхугъуэу щытащ Къэрал филармонием щекIуэкIа пшыхьыр.

Накъыгъэм и 14-м «Абхазия в мировой истории и международные отношения» фIэщыгъэм щIэту дунейпсо конференц къызэIуахащ.

«ЛIы и ныбжьыр къызэрабжьыр ищIа Iэхущ», - жаIащ ди нэхъыжьхэм. Зэманыр кIуэху хьэкъ пщохъу Ардзинбэ Владислав а псалъэжьыр зэригъэпэжар, абы лъэпкъым щхьэузыхь зэрызыхуищIар. Ар дунейм зэрехьэжрэ илъэс зыбжанэ хъуами, и IуэхущIафэхэр ящыгъупщэрэкъым, цIыху минхэм ноби фIыуэ яльагъу, пщIэ хуащI. Абхъазым щыпсэу нэхъыжьхэми нэхъыщIэхэми я лIыхъужьу къалъытэмкIэ уеупщIмэ, мыгупсысэхэху «Ардзинбэ Владислав» къыбжаIэнущ.

Абхъаз Республикэм и япэ Президентым и махуэр зэрагъэлъэпIам теухуа тхыгъэ ди газетым и къыдэкIыгъэзэхэм ящыщ зым тетынущ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

УнэтІыныгъэпплым тращІыхь

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

Министрым и къуэдзэм зэрыжиІамкІэ, нэгъабэ джэдкъазылу тонн 51 200-рэ къалэжьащ. Ар республикэр зыхуейм щІегъу. Хамэ щІыпІэхэм кьрашу щытахэм пагъэкІуэн папщІэ инвестицІэ проектхэр зыгъэзащІэ «Велес-Агро», «Бахъсэн Бройлер» агрогуп ООО-хэм, «Дадэ» КФХ-м, нэгъуэщІхэми иІэсым джэдкъазылу къалэжьыр мы гъэм тонн минитхум нагъэсыну я мурадщ. Нартан джэдкъаз фабрикэм и лэжьыгъэр еублэж. Абы мы гъэм лыуэ тонн мини 3,5-рэ къыщалэжьынущ.

Гектар миниищым щІигъу зыубыд бдзэжьей гъэхьуПІэхэм я зэхуэдитІым нэблагъэ кьагъэсэбэпыркъым. Иджы щытыкІэм зехъуэж. Псалъэм папщІэ, 2015 - 2020 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэнатіэм зэрызыщагъэужьыным и программэ хэха Мэкъумэш хозяйствэмкІэ министерствэм егъэхьэзыр. Ар гъэззэщІэн щІадзамэ, 2020 гъэм ирихьэлІэу бдзэжьей къаубыдагъащІэу тонн миниищым нэблагъэ ильэсым яуэзощІ.

Нэгъабэ гъэшу тонн мин 461,5-рэ къашащ. Ар республикэр зыхуейм фІыуэ щІегъу. «Агро-Союз» предприятэм, «Малкэ Ипщэ», «Псынэдахэ», «Ленины» СХПК-хэм, «Малкэ», «Риал-Агро», «Прималкинскэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр» селекцІ-Іэщ лъэпкъыфІ центр» ООО-хэм, «Александровскэ» агрофирмэм жэм гъэшыфІэхэм зегъэужьыным тещІыхьа инвестицІэ проектхэр зэрагъэзащІэм а Іэнатіэр иегъэфІакІуэ. Мы гъэм гъэшу тонн мин 469-рэ къалэжьыну траухуащ. Іэщ лъэпкъыфІхэр кьэгъэхъуным хуэфащэ лъабжьэ кьыхуэзэрагъэпэщ. Иджыпсту абы хозяйствэ тІощІ йолэжь, мы гъэми я бжыгъэм хагъэхъуэнущ.

- Жэмхэр Іэрыщіу псэф щІыным и мыхьэнэр зыщыдгъэгъупщэркъым. Ар хъубжэр зэрагъэбагъуэ Іэмал гъэунэхуащ. Иужьрей зэманым жылагъуэ, унагъуэ Іэщхэр а Іуэхум нэхъыбэу кьыязэщІыдогъуэбыдэ. Пункт хэхауэ 78-рэ зэпымыууэ щІыпІэхэм щолажьэ, ягъэІэпхъуэм хуэдэу 20 кьыдогъэсэбэп. Федеральнэ программэм зэрыщыубзыхуам тету, жэм гъэшыфІэхэм зыщедгъужьыну комплексышхуэ зыбжанэ кьызэдгъэпэщыну ди мурадщ. АбыкІэ ягъэралым зыкъытщІигъэкъуэнущ. Агропромышленнэ комплексым и Іэнатіэхэр егъэфІэкІуэным республикэ бюджетым щыщу сом мелуан 477,5-рэ мы гъэм хэтлъэнущ,- кьыхигъэщащ къэпсэльам .

Щэт Мэчрэйил кьытеуыІащ кьужьэхэм зегъэужьыным теууэ программэм иткІэ иткІэ зэфІагъэкІыну я мурадхэм, республикэм щагъэзащІэ инвестпроектэмрэ ягъэхьэзырахэмрэ зыхуэдэм, абыхэм фейдэуэ кьатынум, Іэнатіэщіу кьызэрагъэпэщыну зыщыгугъэхэм, республикэм и Іэтащхьэм кьигъэува кьалэнхэр зэгъэхьулІэныжкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм.

Кьыхалъхьа Іуэхугъуэмрэ абы и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэмрэ зэпкърахыу, ахэр пхыгъэкІынымкІэ лэжьыпхьэхэр ягъэнаІуэу зэІущІэм кьыщыпсэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш хозяйствэмкІэ и щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым и унафэщІ, Парламентым и депутат Мэремыкъуэ Арсен, абы и кьуэдзэ Жьэхіэмыхьу Мухьэмэд, Къэбэрдей-Балъкъэр кьэрал мэкъумэш университетым щыщ щІэныгъэлІхэр, профессорэху Къагъырмэс Цэрай, Гьуклэжь Владимир, Энеев Сэлихь, республикэм и ветеринар Іуэхущ1апІэм и Іэтащхьэ ЛІуп Резуан сымэ,нэгъуэщІхэри.

Тепсэлъыхьыныр зэфІэкІа нэужь, КъБР-м и Парламентым, Правительствэм, Мэкъумэш хозяйствэмкІэ министерствэм, ветеринар Іуэхущ1апІэм, мэкъумэш хозяйствэмкІэ щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтымрэ КъБКъМУ-мрэ яхуэгъэза чэнджэщхэр къащтащ.

Зэхьыхьэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и кьуэдзэ Бозий Натбий.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2012 гъэм щэкІуэгъуэм и 30-м кьыдигъэкІа унафэ №272-ПП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2015 гъэм накъыгъэм и 14-м Налшык къалэ №85-ПП

«2014 - 2020 гъэхэм Урысейм мэкъумэш щІапІэу кьыщагъэсэбэп щІыхэм мелиорацэм зыщегъэужьыныр» федеральнэ программэ хэхам и Іуэхукіэ» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2013 гъэм жэпуэгъуэм и 12-м кьыдигъэкІа Унафэ №92-м ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мэкъумэшыщІэхэм псоми кьагъэсэбэп мелиоративнэ ухуэныгъэхэр, апхуэдэу лэжьакІуэ щхьэхуэхэм езыхэм я мылъкум хиубыдэ е щыІэ хабзэхэм тету кьагъэсэбэпыну ирата гидротехникэ ухуэныгъэхэр щІыным, егъэфІэкІуэным, техникэщІэкІэ кьызэгъэпэщыным трагъэкІуэда ахъшэм щыщ Іыхьэр хуапшыныжьын папщІэ 2012 - 2014 гъэхэм субсидиехэр зэрыухах хабзэхэм я Іуэхукіэ» 2012 гъэм щэкІуэгъуэм и 30-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм кьищта унафэм хэлъхьэн гуэдзэным кьыщыгъэльэгъуа зэхъуэкІыныгъэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2015 гъэм накъыгъэм и 14-м къыдигъэкІа унафэ №85-ПП-мкІэ кьищтащ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мэкъумэшыщІэхэм псоми кьагъэсэбэп мелиоративнэ ухуэныгъэхэр, апхуэдэу лэжьакІуэ щхьэхуэхэм езыхэм я мылъкум хиубыдэ е щыІэ хабзэхэм тету кьагъэсэбэпыну ирата гидротехникэ ухуэныгъэхэр щІыным, егъэфІэкІуэным, техникэщІэкІэ кьызэгъэпэщыным трагъэкІуэда ахъшэм щыщ Іыхьэр хуапшыныжьын папщІэ 2012 - 2014 гъэхэм субсидиехэр зэрыухах хабзэхэм я Іуэхукіэ» 2012 гъэм щэкІуэгъуэм и 30-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм кьищта унафэм хэлъхьэн гуэдзэным кьыщыгъэльэгъуа зэхъуэкІыныгъэхэр.

1. Псалъащхьэмрэ етІуанэ абзацымрэ хэт «2012 - 2014 гъэхэм» псалъэхэр зэхъуэкІын «2012 - 2020 гъэхэм» жиІэу.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мэкъумэшыщІэхэм псоми кьагъэсэбэп мелиоративнэ ухуэныгъэхэр, апхуэдэу лэжьакІуэ щхьэхуэхэм езыхэм я мылъкум хиубыдэ е щыІэ хабзэхэм тету кьагъэсэбэпыну ирата гидротехникэ ухуэныгъэхэр щІыным, егъэфІэкІуэным, техникэщІэкІэ кьызэгъэпэщыным трагъэкІуэда ахъшэм щыщ Іыхьэр хуапшыныжьын папщІэ 2012 - 2014 гъэхэм субсидиехэр зэрыухах хабзэхэм, ищхьэкІэ кьыщыгъэльэгъуа унафэмкІэ къащтам:

а) и псалъащхьэмрэ пункт 1-мрэ хэт «2012 - 2014 гъэхэм» псалъэхэр зэхъуэкІын «2012 - 2020 гъэхэм» жиІэу;

б) хабзэм и гуэдзэнхэу №1-мрэ №2-мрэ хэт «2012 - 2014 гъэхэм» псалъэхэр зэхъуэкІын «2012 - 2020 гъэхэм» жиІэу.

Махуэшхуэм и щІыхькІэ

Кавказ Ищхъэрэм Гъэзджэхэмкіэ и къэрал институтым накъыгъэм и 8-м зэхъыкъэ щыгъэжьа ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъум и щІыхькІэ.

НЭЖЭГУЖЭУ, къафэу, джэгуэу зэхэт щІалэгъуалэм къателъэла «топышэхэм» гуфІэгъуэр къызэрызэпиудар, а зауэ гуащІэм къихьа гуІэгъуэр къэзыгъэльагъуэ теплъэгъуэкІэ къызэІуахащ пшыхьыр. Теплъэгъуэхэр ягъэуващ Макъамэ театрым и режиссёр Сафаровэ Тамарэ, институтым актёр Іэзагъэмкіэ и кафедрэм и унафэщІ Балъкъэр Тамарэ, а кафедрэм и доцент Атмурзаев Магомет, балетмейстер Орлецкая Екатеринэ, хореографиемкІэ кафедрэм и егъэджакІуэ Марзоевэ Іосият, концертмейстер Мокаевэ Алинэ, институтым щІыхубэ Іэмэпсымэхэмкіэ и кафедрэм и профессор Шэрыб Валерэ.

Студентхэм кьагъэльэгъуащ адыгэ, урыс, балъкъэр кьафэхэр. КьищынэмыщІауэ, зауэ уэрэдыжьхэр жаІащ, усэхэм кьеджащ. Зэхуэсым и кІэухыу «ТекІуэныгъэм и махуэ» уэрэдыр жаІащ. Абы залым щІэса псори дежьуащ.

ЖЫЛОКЪУЭ Люсаннэ.

Пыхъужьыгъэм топсэлъыхь

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ПащІэ Бэчмырзэ и щІэр зезыхьэ и сабий библиотекэм иджыблагъэ щекІуэкІащ «Зауэм теухуауэ сабийхэм тхылъ дакъыхуэдж» зэхьыхьэр. Налшык и курыт еджапІэ №№29-м, 4-м щІэс щІыкІуэхэм яхуэзащ Хэку зауэшхуэм и ветеран Калабуховэ Валентинэ икІи и гукъэкІыжхэмкІэ нэхъыщІэхэм ядэгуэшащ.

БИБЛИОТЕКЭМ и кьудамэм и унафэщІ Маргъущ Татьянэрэ библиотекарь нэхъыжь Беланич Людмилэрэ ныжьыщІэхэм кьахуеджащ Алексеев Сергей и рассказ зыбжанэм. Къызэхуэсахэр Ленинград кьалэр бийм кьиувыхьауэ зэрыщытам тепсэлъыхьащ, лІыхъужьыгъэм и мыхьэнэр щхьэж кьызэрыгурыІуэри жаІащ.Ныбжьыщіэхэр фІыуэ щагъуазэу кьыщІэкІащ Савич Таня и дневник кьэхэмэ.

Кьалмыкъ Тамерлан, Абазэ Амалие, Вэрокъуэ Даянэ, Тохъу Алинэ сымэ гукІэ кьеджащ Гьубжокъуэ Лиуан, Симонов Константин, Рублёв Георгий сымэ зауэм теухуауэ я яусахэм.

ТекІуэныгъэр илъэс 70 зэрырикъум екьэлІауэ къызэрагъэпэща сурэт гъэльэгъуэныгъэр зи Іэдакъэщ1экІ щІыкІуэхэм щІыхь тхылъхэр ираташ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Дохутырхэм зауэм теухуа уэрэдхэр жаІэ

Аруан щІыналъэ сымаджэщым иджыблагъэ щекІэкІащ зауэ уэрэдхэр щыжаІэ зэпеуэ. Сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Къалибэтэ Рустам зэрыжиІамкІэ, ар ТекІуэныгъэ Иным и щІыхькІэ къызэрагъэпэщащ икІи я лэжьакІуэхэр я гуапэу икІи жьыджэру абы хэтащ.

ЗЭПЕУЭР щІидзэным и пэ дакъыкъэкІэ яхуэщІыгъащ медицинэм и лэжьакІуэхэу ди мамыр гъащІэм зи псэр щІэзытахэм. Сымаджэщым и лэжьакІуэ нэхъыжь Саркисян Фусэ зауэм хиубыда и сабиигъуэ хьэлъэм тепсэлъыхьжащ.

Сымаджэщым и лэжьакІуэхэм егупуу зыхуагъэхьэзырат зэпеуэм. Дохутыр нэхъыщхьэм и кьуэдзэ Гъащтэ Татьянэ жиІащ зауэм кьиихь насыпышагъэр зыхуэдэр Джалиль Муса и «Варварство» усэм фІыуэ къызэрыщІыгъэльэгъуар икІи абы кьеджащ.

Терапие кьудамэ №3-м щылажьэхэм теплъэгъуэ кІэщІ ягъэльэгъуащ. Кьудамэм и унафэщІ Албот Аскэрбий «В землянке» уэрэдыр жиІащ, абы и макъамэр пшынэм кьригъэжІащ саниторкэ Щокъуэ Верэ.

Гъащ1эгъуэну зэхагъуват «Дэ1эныкъуэгъу псынщІэ» станцым и лэжьакІуэхэмрэ я зыкъэгъэльэгъуэныгъэр. Абыхэм я унафэщІ Чым Еленэ дахэу жиІащ «На Мамаевом кургане» уэрэдыр. Апхуэдэу къызэхуэсахэм ягу ирихьащ фельдшерхэу Къэзэнан Алимрэ Хьэту Мадинэрэ я уэрэд жыІэкІэр. Езым зэхилъхьажа «Ветераны» усэм кьеджащ фельдшер Унащ1э Хьэчимэт.

Іэгуаущхэу хуаІэтащ Пщынокъуэхэ я унагъуэми. Сымаджэщым и дохутыр-рентгенологым и бынхэр и гъусэу зэпеуэм хэтащ: хэт уэрэд жиІащ, хэт зауэм хэта и адэщхуэм теухуа хьыбар жиІэжащ, хэт кьэфащ.

Терапие кьудамэ №1-м и хорым «Священная война» уэрэдыр жаІащ. ЩІыналъэ сымаджэщым и саугъэтым кьыдэкІуэу, абыхэм ираташ кьалэ администрацэм и щІыхь тхылъыр, я яхьэлэу я Іэнатіэм зэрыпэрытым папщІэ, ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъум и щІыхькІэ.

Зэпеуэм щытекІуащ терапие кьудамэ №3-м и гупыр. ЯгъэзэщІа еПьытакІэ а Іуэхум нэхъ ехьупІащэ кьалЫатащ Шыбзыхъуэ Эльвирэ, Къэзанан Алим, Унащ1э Хьэчимэт сымэ.

Зэпеуэм хэтахэр ягъэпэжащ щІыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмкІэ.

КИМ Надеждэ.

Шэджэм щІыналъэми игъэлъэпІэн иІэщ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

ТекІуэныгъэм и махуэ пІэлпІэмкІэ щІыналъэм и щІыхухэм ехъуэхъуащ Хэку зауэшхуэм и ветеран, илъэси 102-рэ си ныжькІ Кучуков Мэхьмуд. Абы жиІэжащ езым и нэгу щІэкІа зауэ хьыбархэр, Сталинград, Запорожьер, Молдавиер, Румыниер, Австриер хуит кьыщащІыжьым зэрыхэтар. КьурихьэлІа псоми хьэхъуэкІэ зыхуагъэзащ Шэджэм щІыпІэ самоуправленэм и Советым и унафэщІ Уэдыжь Хьэсанш, зауэм, лэжьыгъэм, Іэщ1экІэ Зэщ1эуэзда Кьарухэм, хабзэхъуэмэ Іуэхущ1апІэхэм я район советым и унафэщІ Іэрыпщэ Борис, щІыналъэм и дзэ комиссар Мысрокъуэ Ахьмэд сымэ.

Іуэхум хэтхэр зауэм зэкІуэдахэм дакъыкъэкІэ яхуэщІыгъуа нэужь, МафІэ Мыужьых фэепльым удз гъэгъахэр тралъхьащ. Шэджэм кьалэм и уэрам нэхъыщхьэм гупу ирикІуащ махуэшхуэм хэтхэр. Колоннэм япэ итащ ветеранхэр. «Полк уахьтыншэм» хэтахэм яІыгащ Хэку зауэшхуэм щыІа я адэшхуэхэм, абыхэм я адэжхэм я сурэтхэр. Маршым хэтахэр екІуэлІащ Щэнхабзэмкіэ унэм. Абдеж щекІуэкІащ зауэм теухуа уэрэдхэр щыжаІа концерт.

ТекІуэныгъэ Иным и щІыхькІэ щІыналъэм щекІуэкІащ спорт зэхьэзэхуэхэри. ЕкъулІэныгъэ зыІэрызыгъэхьахэм ахъшэ саугъэтхэмрэ тыгъэ лъапІэхэмрэ хуагъэфащащ.

ТекІуэныгъэм щыпсэу ветеранищІым махуэшхуэм ирихьэлІэу къаІэрыхьащ КъБР-м и Іэтащхьэм, Шэджэм муниципальнэ районым и унафэщІым къабгъэдэкІ хьэхъуэ тхыгъэхэр. Районымрэ кьуажэхэмрэ я администрацэхэм я лэжьакІуэхэр ветеранхэм я унэхэм хьэхъуэкІуэ кІуащ. Абыхэм ухуашащ саугъэт лъапІэхэр: телевизор, щІыналъэ, зэрыжьыщІэ машинэ, блын сыхьэт, шэнт. Абы нэмыщІ дэтхэнэ ветеранми хуэзэу сом мин 43-рэ ираташ. Ахъшэ ираташ зауэм хэкІуэдахэм я фызаби 3-м, гъэрыпІэм иса зы ветераным. Нэхъыжьхэм псалъэ гуапэхэр жаІащ гупымэ кьаухуэзыщІахэм.

КІАРЭ Элинэ.

Сабийхэм я зэпеуэ

ТЕКІУЭНЫГЪЭ Иныр къызэрытхьрэ илъэс 70 зэрырикъум и щІыхькІэ Нартан курыт школ №91-м щекІуэкІащ 1-4-нэ классхэм щІэсхэр зыхэта зэпеуэ. Еджакіуэ цІыкІуэхэр гъэхуауэ кьеджащ Хэку зауэшхуэм теухуа усэхэм, лІыхъужь хьэбархэри жаІэжащ. Зэпеуэм япэ увыпІэр кьащІихьащ 3-нэ классым щІэс Хьэгъэбанэ Залинэ.

● Накъыгъэм и 17-р Электросвязымрэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я зэгухьэныгъэмрэ я махуэщ

Дуней псор зэрызэрыщІэ Іэмал

Электросвязым и дунейпсо махуэр е ООН-м Телекоммуникацэхэмкіэ и дунейпсо махуэр 2006 гъэ пщІондэ илъэс кьэс накъыгъэм и 17-м ягъэлъапІэу щытащ. Иджы ар Электросвязымрэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я зэгухьэныгъэмрэ я махуэщ. Абы щхьэусыгъуэ хуэхъуар, машитІэ нЫкъуэкІэ екІуэкІа зэпсэльэныгъэ гугъуэхэм яужькІэ, къэрал 22-м я правительствэхэм 1865 гъэм накъыгъэм и 17-м Париж Іэ зэрырещІадзарщ ягъэ международно телеграф зэгурыІуэныгъэм.

АБЫ щыгъуэм къэунэхуащ 1932 гъэм щегъэжьауэ Телеграф зэгухьэныгъэкІэ зэджэри. Иужькіэ радиомрэ телефонымрэ къежьащ. 1934 гъэм Іэ щІадзащ Электросвязымкіэ международнодно конвенцэм.

Электросвязыр - тек сигналхэмкІэ хъыбархэр зэрызэІэпах Іэмалщ. А сигналхэр кІапсэхэмкІэ е радиосигналхэмкІэ, связым, телефоным , телеграфым я оптикэ Іэмэпсымэхэмкіэ, факс связымкіэ, Интернетымкіэ зэбграгъэх. Ильэс къэс электросвязым и зэфІэкІым хохьуэ.

ЭлектросвязымкІэ дунейпсо зэгухьэныгъэр ООН-м хэт Іуэхущ1апІэщ. Абы и кьалэн нэхъыщхьэр кьэралхэр зэрыздзлажьэм зригъэжьынырщ, электросвязь лІыжьыгъуэ псори егъэфІэкІуэныр.

Зэхуэдэу къагъэсэбэп телефон связымкІэ, Интернетым зыубгъуауэ зэрихьэ Іэмалымкіэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр кьызэзыгъэпэщыщ «Урысейм и телеком» ОАО-м и щІыналъэ кьудамэм хьыбарегъащІэ-коммуникацэ Іуэхутхьэбзэкэр зэзыгъэуІу и операторыщ. Апхуэдэу щІыпІэ жьыжьэкэр кьызэщІэзыубыдэ связыми республикэм зыщеужь. Псалъэм папщІэ, ди цІыхухэм куэду кьэгъэсэбэп «Мегафон», «Вымпелком», «МТС» Іуэхущ1апІэхэм я Іуэхутхьэбзэкэр.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Накъыгъэм и 18-р Музейхэм я дунейпсо махуэщ

Тхыдэм и гъуджэ

Хабзэ дахэ хъуауэ, гъэ къэс накъыгъэм и 18-м Музейхэм и дунейпсо махуэр дэнэ щІыпІи щагъэлъапІэ. А махуэм щІыхуэм щІыхьэпщІэ Іамыхыу музейхэр мэлажьэ, щІэлъ хьэпшыпхэм ирагъэплъ, абыхэм я хъыбархэм, я тхыдэм хагъэгъуазэ. Музейр лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм я щэнхабзэм щыгъуазэ уэзыщІ, гъэзджэр зыгъэбейщ, абы зезыгъэужьщ. Музейм и махуэм ирихьэлІэу гъэльэгъуэныгъэхэр, фестивалхэр ирагъэкІуэкІ, лекцэхэм кьодж, театр теплъэгъуэхэр, экскурсиехэр кьызэрагъэпэщ.

МУЗЕЙХЭМ я дунейпсо советым хэтхэм я конференц Москваре Санкт-Петербургрэ 1977 гъэм щыщкІуэкІам, Музейм и дунейпсо махуэр ягъэуващ икІи абы лъандэрэ илъэс кьэс дэнэ щІыналъи щагъэлъапІэ. Музейм и махуэм гъэ къэс зы Іуэхугъуэ хуэхэри абы тету кьызэрагъэпэщ. А жэрдэмкІэ кьыхилъхьауэ щытащ Суэтрыщ1 гъуазджэхэмкІэ музейм, Пушкин Александр и цІэр зезыхьэм, и унафэщІ Антоновэ Иринэ. Иджы музейм и дунейпсо махуэр зэрагъэлъапІэм цІыхухэр есащи, ар кьыщыблагъэкІэ инми цІыкІуми нэгуэныжь зэращыхьунум, зэрызагъэпсэхунум зыхуагъэхьэзыр. Махуэшхуэр лэжьэгъуэ махуэу щытехуэм и дежи, музейхэм цІыху куэд зэрекІуалІэр и нэщэнэщ ар Іуэху дахэу, щхьэпэу зэрыщытым.

Илъэс зыбжанэ хъуащ Урысейм и щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм, Франджым щыщ я лэжьэгъуэхэм я жэрдэмкІэ я щапхъэу, Музейхэм я дунейпсо махуэм кьыдэкІуэу, музейхэм я жэщри зэрагъэпэщапІэрэ. Налшык а Іуэхур мы гъэм етІуанэу щокІуэкІ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Лъэпкъ музейм, Ткаченко Андрей и цІэр зезыхьэм, а махуэр гукъинэжу ягъакІуэ.

Ди зыужьныигъэхэм ящыщщ республикэм и къалэхэмрэ щІыналъэхэмрэ я музейхэр зэрылажьэр, хьэпшып псэушІэгъэнэхэмкІэ а Іуэхущ1апІэхэр зэрыкулейр. ЗэрытщІэщи, музейхэр республикэм и тхыдэм и гуджэщ. Абыхэм я фондхэм щахъумэ лэжьыгъэхэм гъащІэм и пэжыр куууэ кьыщыгъэльэгъуащ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Гъэщ1эгъуэн куэд къыфпоплъэ

Сурэтыщ1 гъуазджэхэмкІэ музейм, Ткаченкэ Андрей и цІэр зезыхьэм, «Музейхэм я жэщ» Іуэхур щекІуэкІынущ 2015гъэм ар къызэрагъэпэщ ТекІуэныгъэ Иныр кьызэрахьрэ илъэс 70 зэрырикъум и щІыхькІэ.

«МУЗЕЙХЭМ Я ЖЭЩ» Іуэхум кьрихьэлІэнухэм кьаполпъэ зауэм хэта сурэтыщІхэм я графикэ, скульптурэ, живопись лэжьыгъэхэр. Апхуэдэу республикэм и артистхэу Мизиев Аубэчыр, Кьуэшокъуэ Регинэ, Холамханов Кьайсин, Бозий Зураб, Жабоевэ Замирэ, Жаникаев Эльдар, Вындыжь Аскэр сымэ зауэм теухуа уэрэдхэр жаІэщ. Зэхьыхьэм екІуалІэхэр зауэм и ветеран-сурэтыщІым ІуагъэщІэнущ, «Неизвестные фильмы о Великой Отечественной войне» художественнэ фильмым щыщ Іыхьэхэр щагъэлъэгъуэнущ.

«Музейхэм я жэщ» Іуэхур дуней псом и къэрал 40-м щокІуэкІ. 1990 гъэхэм я кІэухэхэм ар Германием щаубла нэужь, дуней псом и музейхэм, Урысейри хьэхьэу, ар кьыщыззрагъэпэщ хъуащ, щІэупщІэ иІэу.

● Футбол

ДжэгуГуэищым щІигъуауэ...

«Іэфыпс» (Іэфыпс) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 2:0 (0:0). Краснодар. «Краснодар» ФК-м и академием и стадион. Накъыгъэм и 14-м. ЦІыхуи 100 еплъащ.

Судьяхэр: Шутов (Новочеркасск), Тиракьянц, Шамарэ (тІури Дон Іус Ростов щыщщ).

«Іэфыпс»: Шамрин, Золотов, Юдин, Микадзе, Белов (Ешыгу, 72), Мамонов (Крылов, 90+4), Петрук, Правилэ, Поликутин, Хибабэ, Черкасов.

«Спартак-Налшык»: Хьаний, Алаев, Дашаев, Кузнецов, Каркаев, Семёнов (Васильев, 78), Дыщэкі (Крыжевских, 68), Кьуэн 3. (Огурцов, 57), Ахриев, Бажэ (Гуэщокъуэ, 74), Гугуев.

Топхэр дагъэкІащ: Беловым, 50 (1:0). Хибабэ, 90+2 (2:0).

Дагъуэ хуащІащ: Черкасовымрэ Гугуевымрэ.

«ІЭФЫПСЫМ» и стадионым концерт зэрыщІекІуэкІынум кьыхэкІыу мы зэІущІэр Краснодар щызэхэтащ. Арщхьэкіэ абы дифІ зыри кьыкІакъым.

Джэгум и яІэ Іыхьэм «Спартак-Налшыкым» тепщэнгъэр нэхъ иІыгащ. ПсынщІагъэкІи Іэзагъкіи ар и хьэрхуэрэгъуэмефІэкІырт. Ауэ абы фейдэ кьыхахьфакъым.

Загъэпсэхуу кьызэрихьэжу «Іэфыпсым» налшыкдэсхэм я гъэкам топ кьыщигъэкІащ. Абы хьащІэхэм я джэгуакІэр зэхигъэзэрыхьащащ. Ди щІалэхэр Іэнкун хъущ, икІи топыр щІагъэуу кьахуэгъэІурыщІэжьртэкъым. ЗэІущІэм кьыхагъэхьагъащІэхэми абы фІыкІэ зрагъэхуэжакъым. Пэжщ, Гуэщокъуэ Арсен бжыгъэр зэхуэдэ ищІыжьым зы мащІэщ ищІэжар, ауэ абы кІэщІу иужь ити етІуанэ топри ди гъуэм кьыдыхьащ.

Арати, 0:2-уэ «Спартак-Налшыкыр» кьыхагъащІауэ зэІущІэр иухащ. Ди щІалэхэм зэкІэлъхьэжьу топ зэрыдамыгъэкІыфрэ дакъыкъэ 360-м щІигъащ. Хэт ищІэн, псори хуагъэтІылъу кьыщІэкІынщ зэхьэзэхуэм щыпашэ Новороссийск и «Черноморец»-м - гъубж кьакІуэ ар Налшык щыхьэщІэнчт.

ЩІыгъаззэ фыхуэтщІынщ етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм нужьу щызэхэта джэгуГуэм кьрикІуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: **«Ангушт»** (Нэзрэн) - **«Витязь»** (Крымск) - 0:2, **«Черноморец»** (Новороссийск) - **«Таганрог»** (Таганрог) - 4:0, **«Дружба»** (Мейкьуапэ) - **«Мэшкьуэ-КМВ»** (Псыхуабэ) - 0:2, **«Торпедо»** (Армавир) - МИТОС (Новочеркасск) - 2:0, **«Биолог-Новокубанск»** (Прогресс) - **«Динамо-ГТС»** (Ставрополь) - 1:2.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр «А»гупыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Черноморец»	18	11	6	1	38-15	39
2. «Торпедо»	18	12	2	4	32-18	38
3. «Витязь»	18	12	1	5	28-19	37
4. «ІэфІыпс»	18	8	5	5	21-17	29
5. МИТОС	18	8	3	7	22-16	27
6. «Динамо-ГТС»	18	7	6	5	19-16	27
7. «Спартак-Налшык»	18	6	4	8	22-22	22
8. «Мэшкьуэ-КМВ»	18	5	6	7	15-21	21
9. «Таганрог»	18	4	6	8	10-22	18
10. «Дружба»	18	4	3	11	18-25	15
11. «Ангушт»	18	4	3	11	16-36	15
12. «Биолог-Новокубанск»	18	4	1	13	14-27	13

Зыгъэхьэзырар щхьэщэмыщI Иззщ

● Къэхъуа

НэмыцэIуэм сыкъызэрикIуэсыкIыжар

Хэку зауэшхуэ зэманым Къардэнгъущ Зырамыку и нэгу щIэкIа псэзэпылъхьэпIэхэм ящыщу къиIуэтэжауэ щытащ мы хъыбарыр.

ПщэДДжЫжь къэс гъэрхэр мэлым хуэдэу дызэхуахусурэ Iуэм дыкърахуурэ дагъэлажьэрт. Махуэ щIагъуэ дэкIыртэкъым гъэрхэм ящыщ зытIущ шхын щхьэкIэ мылIэу. Дапщэрэ Iуэм дыкъыздахуами, набдзэгубдзаплъэу сызэплъар абы нэхъ тыншу сикIа зэрыхъунырщ. Си жалаир абы хэлъми, Iэмал имыIэу нэмыцэIуэм сикIуэсыкIыну быдзэ мурад сщIати, зы Iэмал къызогъуэт. Шхын щхьэкIэ силIыхь нэхъри нэхъыфIт.

Арати, зы жащ гуэрым, жейр щыIэфI нэхущым ирихьэлIэу, хъумакIуэр зытес лъагапIэм и щIагъымкIэ къыстеплъэ щыт мыIэу сыкъыщIокIуэсыкIри, Червонэ Октябрь жыхуиIэ къуажэшхуэм нэху сыкъыщокI. Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм зэхэзэхуэн ящIа къуажэдэсхэр апхуэдизкIэ куэд хъурти, уэрамым ерагъкIэ ущызэблэкIыфу арат.

Абыхэм сахэту сыздэкIуэм соплъэри, зыгуэрхэм пщIантIэм кIэртIоф щызэхадзу самэм бгъэдэсу солъагъу. «КIэртIоф гъэва сагъэшхынщ», - жызоIэри сокIуэри сахотIысхьэ. Езыхэри гуапэу къысIоущIэ. КIэртIоф зэхэздзу щIэздза къудейуэ пщIантIэм нэмыцитI къыдольадэ: «Уэ ухэт? Дэнэ укъикIа? НакIуэ ди гъусэу», - жаIэри срахужьэ.

Куэд дэмыкIыу унэшхуэ гуэрым дыщIохьэ. Унэм кIэлындорышхуэ кIуэцIрокI. Абы и кIэ дыдэм и деж зытхъэщIыпIэ фIэдзащ, и щIагъым тас щIэтщ. Абдежым телъ сабныр къасщтэри си Iэм щысхуащ. Си ужь ит нэмыцэхэм си Iэр сщIыурэ езгъэлъэгъуащ пэшыр: «Фэ фынакIуэ, сэ си Iэр стхъэщIынщи сыныщIыхьэнщ». КъызэдаIуэхэри зблэкIащ.

Си Iэхэри стхъэщIащ. АдэкIэ сщIэнум сегупсысу сыздэщытым, унэр зейр къыщIэкIауэ солъагъу. Си Iэр си Iупэм Iуспъхьэри езгъэлъэгъуащ, зыри жумыIэ жыхуэсIэу. Мыдрейми, «хъунщ», - жиIэри игъэзэжри щIыхьэжащ. Сэ псынщIэу унэм сыкъыщIэжри, уэрамым дэт цIыху Iувым захэзгъэгъуащэри зызгъэбзэхауэ щытащ.

Зытхыжар **ЯХЭГУАУЭ Бердщ.**

Гъатхэ нэщэнэхэр.

● Теплъэгъуэхэр

● Псэлъафэхэм къарыкIыр

МафIэм и гъунэгъу лыр мажьэ

Кхъэм яхь къахьыжыркъым. БлэкIам къыпхуегъэгъэзжынукъым.

ЛIыр фэладжщ жыпIэу иумыку. «КъызэрыщIэкIынур пщIэркъым» жыхуиIэщ.

Мазэрэ пэт дыркъуэ иIэщ. «Дагъуэ, дерт гуэр зимыIэ щыIэкъым» жыхуиIэщ.

МафIэм и гъунэгъу лыр мажьэ. Ыохьлы гъунэгъуэм и нэщхъеягъуэр сыт щыгъуи гум хохьэ.

Мащэ зытI мащэ йохуэж. НэгъуэщIым гуауэ езыщIэну хэтым ар езым къыщощIыж.

Мащэм зэ ихуар набгъэщи, тIэу ихуэр нэфщ. Зэ ищIа щыуагъэ дыдэр аргуэрыжьу зыщIэр зэрагъэкъуаншэ псэльафэщ.

Мэл гуартэ щIакъуэншэкъым. Адрейхэм мыхъумыщIагъэкIэ къащхьэщыкI гуэр гупым сыт щыгъуи хэтщ.

ПцIы бупсынумэ, лIам телъхьэ. Пхуэмыгъэлъэгъуэн, пхуэмыгъэнэхуэн тегъэщIапIэхэр щыхьэт зыщIым хужаIэ.

ПцIым лъакъуэ щIэткъым. «Жыжьэ унихьэсынукъым» жыхуиIэщ.

ПщIэншэ уадэ IэтыгъуейщI. ПщIэншэрылажьэм и Iэр Iэхум хыхьэркъым.

Сабийм и кIэтIий кIапэр бжыхьым пылъми, мэджэгу. Шынагъуэ сытхэр кьыфIэмыIэхуу, къыщыщIынкIэ хъунухэм емыгупсысу джэгу хабзэу зэрыщытым тражьыкIа псэльафэщ.

СампIэимыхьэ. Гупым хьэлкIи IажьыгъэкIи ядэмыхъу.

Сэ нэхъыфI умыгъуэтмэ, сыкъэшэж. Зэримыпэсам цIыхур къыщIыхуэнэжьм деж къапсэлъ хабзэщ.

Сэшхуэ гъущэрылъэр фыз игъэплъа лIырэ. «ТIуми уаIурымыIэбэ» жыхуиIэщ.

Уэ нэхъ лIыфI щымыIэми, си пылъ пхуэгъэтIысащ. «Сыпхуэгъэзащ, сыпщышынэркъым» жыхуиIэщ.

Си тхъэгъуэм си гъуанэдэплъэ, си льаджэгъуэм къыслъимыплъэж. «Сыщыкъулейм кьыскIэлъыкIащ, кьлейсыз сыхъури - и щIабагъ кьыскуиГъэзэжащ» жыхуиIэщ.

Сыхэмыхьэмэ, ситхьэлэн? Iэхэугъуэ гуэрым хэпщIэну зэрыхуэмейр зыгъэнаIуэ цIыхум кьепсэлъ.

Сымаджэр къанэри, щIэупщIакIуэр лIащ. «Сысымаджащ жыпIэу уи гугъэр хыумыхьыж» жыхуиIэщ.

Теплъхьэр и хьэлъащ. ТэмакъкIыхьащ, бэшэчщ, жыIэщIэщ.

ТIу зэпсалъэмэ, уабгъэдэмыхьэ. «Уэ зэхыуамыгъэхын гуэр зэхуаIуатэми, пщIэркъым» жыхуиIэщ.

ЩАУЭ Къэлидар.

Ялъагъуэжакъым

● ГушыIэ

Зэи фоч зымыгъэуа Машэ фоч зымыIыгъ Мышэ гъусэ ищIри, щакIуэ кIуат. Уэршэру къакIуэхурэ, хуей зэгъуэжI гуэрым зэрихьэу къыздикIари къыздихуари ямыщIэу я пащхьэм тхъэкIумэкIыхь ин гуэр кьихэутащ.

Мышэ ар зэрилъагъуу гуфIащ:

- ЩIэхыу еуэ, Машэ, дехъуIащ. И фэр тщэнщи, и лыр тшхынщ.

Машэ еуэн идакъым:

- Сыт жыпIэр? Фочыр уэнрэ мыуэнрэ умыщIэу занщIэу уеуэ хъурэ?

- АтIэ дауэ хъуну?

- Дауэ хъун?.. Фочыр дэзгъэуеинщи, уэмэ итIанэ сеуэнщ.

- Сыту фIыуэ къэбгупсыса ар. ЩIэхыу дэгъэуей!

Машэ фочыр дригъэуеящ, ауэ зэныбжьэгъуитIым яуфIыцIа я нэр къыщагъэплъэжым я пащхьэм ита тхъэкIумэкIыхьыр ялъагъужакъым.

БЕКЪУЛ Барэсби́й.

● Псалъэжьхэр

Уи гъунэгъу умыуб, уи благъэщIи ущымытхъу

♦ Хабзэмыщ1э хабзэщ1э макI1уэ.
♦ Хэпл1эрей хэкI1ыжыгъафI1щ.
♦ I1ущ и акъыл и гъуэмылэщ.
♦ Къуэ уиIэмэ, ныс уиIэщ.
♦ Нэм пэжыжьэми, гум пэблагъэщ.
♦ Уи гъунэгъу умыуб, уи благъэщIи ущымытхъу.
♦ Унагъащ1э гужьеигъуафI1щ.

● ЖыIэгъуэхэр

ПцIыупс Iуэху думылэжь

♦ Шы увыIар хъуамыхуэкI, лIы увыIам ущымыгуфI.
♦ ЦIыхур езыгъэшыр лэжьыгъэракъым - лэжьыгъэншагъэращ.
♦ Чы хэмыту бжэгъу защIэкIэ бжьыхь пхуэхунукъым, зыгъэззщIэн уимыIэу, унафэщI защIэкIэ Iуэху пхуэлэжьынукъым.
♦ ЩIэныгъэр мылъку мыкIуэдщ.
♦ ЩIэныгъэрэ гугъуехькIэ къыуамылэжьа мылъкур хъерынщэщ.
♦ ЩIыхуэ зи яку дэлъым я льагъунэгъэм хощI.
♦ ЩIыхуэ пхуэмыпшыныжьн къыуамыщтэ.
♦ IэхъуэгъуэтегъэкIыу блэжьам и лажьэ къокIыж.
♦ Iуэху ебгъэжьар и кIэм нумыгъэсамэ, гугъуехь хэплъхьар пщIэншэ пэлъытэщ.
♦ Iуэхур зэIыбгъэхьэнымэ, зыхуэзэфIэмыкI Iэтащхьэ щIы.
♦ Ажэр бажэм ныбжьэгъу хуэхъунукъым.
♦ ГуфIэгъуэ къыбдамыIыгъыр кIагъэщ, гуэвэгъуэ къыбдамыгъэвыр кIыхьщ.
♦ ГъунэгъуфI зиIэм дэIэпыкъуэгъу иIэщ.
♦ Жагъуэгъуэм я нэхъ Iейр уи ныбжьэгъуу щытарщ.
♦ Зи бзэ хуимыныжым уи щэху щыхъумэ.
♦ Зыми щымыщыр лIыфI дэщIыгъуейщ.
♦ Мыхъумыщ1э уи пэшэгъуу фIым ущымыгугъ.
♦ ПцIыупс Iуэху думылэжь.
♦ Узыдэмыхъунум ухыхьэмэ, хъуэн къыхэпхынщ.
♦ Фадафэр гъунэгъууи ныбжьэгъууи щIагъуэкъым.
♦ Фыгъуэнэдыр бгъэунэми, фIыщIэ ищIынукъым.
♦ Фыуэ укъэзыльагъум къыпхуищIэр фIэмащIэщ, хуэпщIэр фIэкуэдщ.
♦ ЦIыхум нэгъуэщI хуумыщIэфми, псалъэ гуапэкIэ хуэупсэ.

ГУБЭЩIЫКI Владимир.

● Фи лъэIукIэ

Хэт уезгъэщхьын?

Макъамэри псалъэри **Сэхъу Хьэсэн** *ейщ.*

Сэ мо мазэм уезгъэщхьынут нобэ,
Мазэр ныкъуэу щымытам,
Сэ мо вагъуэм уезгъэщхьынут нобэ,
Вагъуэжьыр щымыIам.

Ежьу:
Уезгъэщхьынут нобэ епэрымэ гуакIуэм,
Удэ гъэгъа дахащэу си псэр
зытхьэкъуам.
Уэрэ сэрэщ нобэ гъатхэр
къыщIэгъагъэр,
Лъагъуныгъэ жылэу гущIэм щыхэсар.

Сэ мо дыгъэм уезгъэщхьынут нобэ,
БзийкIэ уи сурэт схуищIам.
Уезгъэщхьынут псынэ щIыIэм нобэ,
Зэ Iубыгъуэу щымытам.

Ежьу.

Уезгъэщхьынут нобэ епэрымэ гуакIуэм -
Удэ гъэгъа дахащэу си псэр
зытхьэкъуам.
Уэрэ сэрэщ нобэ гъатхэр
къыщIэгъагъэр,
Лъагъуныгъэ жылэу гущIэм щыхэсар.

Ежьу.

Сэ мы гъатхэм уезгъэщхьынут нобэ -
Гъатхэр пасэу къысхуэпшам,
Псэм и щIасэ хсхуэхъунут нобэ,
Си гупсысэм сыхэпшам.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Нартыху хьэлIамэ цIывынэ

НАРТЫХУ хьэжыгъэ ухуэнщIар тепщэчым ирикIутэ, псывэм шыгъу хадзэри, хьэжыгъэм хакIуэрэ бэлагъкIэ ящщ. Бахъэ пщтырыр кIуэн щхьэкIэ хупщIынэр дакъикъэ 8 - 10-кIэ щагъэт, иужькIэ гуэдз хьэжыгъэ тIэкIу хаудэри ящщ. IэфI къыщIыхьэн щхьэкIэ хупщIынэм и щхьэр трапIэри, сыхьэти 8-10-кIэ щыIапIэм щагъэув.

Хьэзыр хъуа хупщIынэр псыIэ ящIа Iэнэм тралъхьэри см 2,5-рэ и гъумагъуу жэрумэм ещхьу ягъэджэрэз, г 20 хуэдизу хъуурэ цIыкIу-цIыкIуу зэпаупщI, и кум хэзэу Iэпэкlэ кумб цIыкIу хуащI. А хьэлIамэ цIывынэхэр шыгъу зыхэлъ псы къэкъуалэм хадзэри, дакъикъэ 25-30-кIэ ягъавэ зэлащIэурэ. ХьэлIамэ цIывынэ къыридзеяхэр чымчыркIэ къыхахьжри тепщэчым иралъхьэ, зэкIэрымыпщIэн щхьэкIэ и щхьэм тхъуцIынэ гъэткIуа тракIэж.

Пхъэщхьэмыщхьэ: уи дзэр мыжанмэ, пхуэшхынукъым. **36**. ... зэхэздзэ нэхъ р - Iыхьэ зэхэдзэ. **37**. Псалъэжьым зэрыжиIэмкIэ, апхуэдэ цIыхур щыту малIэ. **38**. Си ныбжьэгъум и къуэр ... цIыкIуу, «тху» защIэкIи йоджэ. **39**. Ущие псалъэ. **41**. ЦIыхухъуми цIыхубзми зэрахьэ хьэпIыпп. Пэжщ, жып телефоныр къыззрежьэрэ ар зезыхьэр нэхъ мащIэ хъуащ.

Къехыу: **1**. Хадэм зэрилэжьыхь. **2**. ГъэшхэкI. **3**. Къуажэм и зы Iыхьэ. **4**. Дин Iуэхум хуагъэхьэзыр муслъымэн щIалэм нэхъапэм зэреджэу щыта. **5**. ГуфIэгъуэ Iэнэм пэрысхэм я IуэхутхьэбзащIэ. **8**. Псы зэфэн къызраш мащэ куу. **10**. Пхъэщхьэмыщхьэ гуащIэ цIыкIу. **11**. Унагъуэ псэущхьэ. **14**. ЩIыр зэрадзэ. **15**. Къардэнгъущ Зырамыку зэхуихьэсыжащ пасэрей ... Iаджэ. **19**. Къуалэбзуушхуэ. **20**. ... псы кIэрыпщIэрэ? **23**. Дуней псом и щыгу нэхъ лъагэ дыдэм Кавказ Ищхъэрэм щыщу ялэу дэкIа бзылъхъугъэ Мэз ... . **28**. КIыщым щIэт Iэмэпсымэ. **29**. Хьэкъущыкъур ятхъэщIа нэужь къанэ псыр. **30**. Уэ ... щIэи, сэ берычэт ныхъэсIъхьэнщ. **32**. Сосрыкъуэ базджагъэкIэ хигъэщIа и ныкъуэкъуэгъу. **33**. Щыгъыным хищIэ хьэпIащIэ къэзылъэтыхь. **35**. Зэпэхъурейуэ пшэр. **40**. Псышхуэхэм, тенджызхэм щызекIуэ транспорт.

Зэхэзылъхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **1**. Унагъуэ ихьа нысащIэр ялэу и дыщым зэрашэжьм ар хуэздэу йоджж. **6**. А унэцIэр зэрахьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэм; адыгэ уэрэдус цIэрыIуэм. **7**. «... жащ» - Молэ Владимиррэ Джэдгъэф Хьусенрэ яуса уэрэд цIэрыIуэ. **9**. ... и жапIэр езым къегъуэтыж. **11**. Адыгэм ... къахуэкIуамэ, ягъэлъапIэ. **12**. Иджы къагъэсэбэп сэхуэсплъ къомыр къыщемыжьэм хъуяджэбзхэм зэрызалэу щыта удз. **13**. ...зытеха къэбыр нэхъ Iэфl мэхъу. **15**. Литературэ тхыгъэ. **16**. ПщIыхьэпIэ ялъэгъуар яIуэтэжмэ, «... ухъу» жаIэ хабзэщ. **17**. Зи лыр чэфыжьу къэкIуэжа фыз зым и ... макъыр хьэблэ псом зэхахьрт. **18**. Акъылым уасэ иIэкъым, гъэсэныгъэм ... иIэкъым. **21**. IэщIэвыщIэ щагъашхэ фермэ. **22**. Шэ нэхъыбэ къыщIашын щхьэкIэ жэмхэр зрагъафэ «сырэ». **24**. Жыг лъагэшхуэ. **25**. Шы «вакъэ». **26**. Пасэрей зэрыпыджэ Iэщэ. **27**. Уафэм къыщIызыджэдыхь «бжьэхуц» гуартэ. **31**. Жьэ базджэ зыщIэт цIыху. **34**. Пхъэщхьэмыщхьэ: уи дзэр мыжанмэ, пхуэшхынукъым. **36**. ... зэхэздзэ нэхъ р - Iыхьэ зэхэдзэ. **37**. Псалъэжьым зэрыжиIэмкIэ, апхуэдэ цIыхур щыту малIэ. **38**. Си ныбжьэгъум и къуэр ... цIыкIуу, «тху» защIэкIи йоджж. **39**. Ущие псалъэ. **41**. ЦIыхухъуми цIыхубзми зэрахьэ хьэпIыпп. Пэжщ, жып телефоныр къыззрежьэрэ ар зезыхьэр нэхъ мащIэ хъуащ.

Къехыу: **1**. Хадэм зэрилэжьыхь. **2**. ГъэшхэкI. **3**. Къуажэм и зы Iыхьэ. **4**. Дин Iуэхум хуагъэхьэзыр муслъымэн щIалэм нэхъапэм зэреджэу щыта. **5**. ГуфIэгъуэ Iэнэм пэрысхэм я Iуэхутхьэбзащ1э. **8**. Псы зэфэн къызраш мащэ куу. **10**. Пхъэщхьэмыщхьэ гуащIэ цIыкIу. **11**. Унагъуэ псэущхьэ. **14**. ЩIыр зэрадзэ. **15**. Къардэнгъущ Зырамыку зэхуихьэсыжащ пасэрей ... Iаджэ. **19**. Къуалэбзуушхуэ. **20**. ... псы кIэрыпщIэрэ? **23**. Дуней псом и щыгу нэхъ лъагэ дыдэм Кавказ Ищхъэрэм щыщу ялэу дэкIа бзылъхъугъэ Мэз ... . **28**. КIыщым щIэт Iэмэпсымэ. **29**. Хьэкъущыкъур ятхъэщIа нэужь къанэ псыр. **30**. Уэ ... щIэи, сэ берычэт ныхъэсIъхьэнщ. **32**. Сосрыкъуэ базджагъэкIэ хигъэщIа и ныкъуэкъуэгъу. **33**. Щыгъыным хищIэ хьэпIащIэ къэзылъэтыхь. **35**. Зэпэхъурейуэ пшэр. **40**. Псышхуэхэм, тенджызхэм щызекIуэ транспорт.

Зэхэзылъхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**

Мэлыжьыхьым и 25-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **3**. Мыщэ. **5**. Нэхъри. **6**. Зейм. **11**. Кьат. **13**. Тхьэбзэ. **15**. Жэгундэ. **17**. Пшэ. **23**. Дахэм. **25**. «Лъапсэ». **27**. Ажэ. **28**. Хон. **29**. Хьун. **30**. Цы. **31**. Шыгъу. **33**. Къуэгъу. **34**. КIапсэ. **35**. Щбэт. **39**. Къурш. **42**. Хьэмыщэ. **45**. Тембот. **48**. Быф. **50**. Сытхъу. **51**. Едзыгъуэ. **52**. Тэрч.

Къехыу: **1**. Уэркъ. **2**. Курыт. **3**. Мастэ. **4**. Щауэ. **7**. Ерэн. **8**. Махуэл. **9**. Гъуэз. **10**. Щхьэ. **12**. Ахъшэ. **14**. Бо. **16**. Гуо. **18**. Гъудэ. **19**. Ухэнпэ. **20**. Iупэцабэ. **21**. Уэх. **22**. Махъшэ. **24**. Мэлъхъэ. **25**. Пьэхъуэщ. **26**. Унагъуэ. **32**. Гъуклэ. **33**. Къута. **36**. Куржы. **37**. Щхьэпс. **38**. Щы. **40**. Къум. **41**. Щтауч. **43**. Мест. **44**. Щиху. **46**.Ефэ. **47**. Болэ. **48**. Бадзэ. **49**. Фагъуэ.

● Къуажэхьхэр

ПщIэ зыхуащIу Iэнэм телъ

Хуарэр зэгъуу Гъур хуэмышх.

Ар и закъуэ зэи ямышх, Ар хэмылъу лы ямышх.

Унэм и нэ.

Быдэу къратыр щабэу зытыж.

Хуабэу, щабэу джабэ тхъуэплъ, ПщIэ зыхуащIу Iэнэм телъ.

Къу зимыIэ пэгун цIыкIу.

Куэбжэр зыгъэбдыдэу Быдэу зэрыIыгъ.

Зэхэзылъхьар **�щОДЖЭН Леонидщ.**

Жэуапхэр:

Щхьэрыгъуэ, Щхьэгъуэ, Щхьэгъуэжь, ЩIалэгъуэ, Гъатхэ, Гъунэгъуэ.

● Тхыгъэ кIэщIхэр

Щытхъуащ

- СщIа сурэтхэр плъэгъуа?
- Слъэгъуащ.
- АтIэ дауэ къыпщыхъуа?
- Шырыкъу Хьызыр ейхэм нэхърэ нэхъыфIщ.
- Iэгъу, ар дауэ? Шырыкъум сурэт ищIырыкъым.
- Сэри аращ щIыжысIэр.

Чэзу зимыIэ щыIэкъым

ПщащантIэр ихъумэу епхауэ зи гъащIэр зыхьа, жьы хъууэ зи пщэм пщэхъур ирахыжу яутIыпщыжа хьэр иджы зыкIи хуеижтэкъым апхуэдизрэ зыщIэхъуэпса хуитныныгъэм. ЩIэст ар иджыри къэс зыщIэса, зэса хьэунэм. Ауэ куэд дэмыкIыу абы къыщIахуащ. Пщэхъу итыу пщантIэм дэтт а унэм дяпкIэ щIэсыну хьэ щIалэ лъэщыр.

Езыри ираупщIыкIынущ

ЖыгитI зэбгъэдэтым я зыр къагъэуати, адрейр гуфIэрт, «иджы си лъабжьэм уэшхыпс нэхъыбэ щIыхьэнщ!» - жиIэу. Ар егупсысертэкъым езыри зэгуэр зэрыраупщIыкIынум.

Шынагъуэр

Мэл хъушэр щIакъуэншэ хъуркъым, жаIэ. Ар шынагъуэкъым. Шынагъуэр а щIакъуэр хъушэм и пашэ хъумэщ.

Псым и жапIэ къегъуэтыж

Гъатхэм къиуа къуршыпсым и Iуфэр пхритхащ, и псыхъуэр къиГъанэри, жапIощIэ ищIащи, къыпхуэщIэжьынкъым игъащIэ лъандэрэ абыкIэ ежэхыу щытауэ фIэкIа. Зеиншэу къэнащ телъа лъэмыжхэр. АбыхэмкIэ зыри имыкIыжурэ, удзыжь къатекIэжащ.

«Махъшэ»

Хамэбзэхэм къикIыу къэтщта псалъэхэр «егъэкIыщтэн», «егъэхьэжын» хуэйщ, ди бзэм и сэфэтым изэгъэху, дыдей хъуху. Апхуэдэу дымыщIмэ, хамэ псалъэхэр къыхэпиикIыу хэтынущ, мэл хъушэм хэт махъшэу. Мы зэманым сыт хуэдиз «махъшэ» хэт ди бзэм!

Ныбжьым елъытакъым

Балигъ хъуным къикIыркъым Iущ хъуауэ. Сыт хуэдиз балигъ дунейм тет Iущыгъэ лъэпкъ ябгъэдэмылъу! Абы щыгъуэми я ныбжькIэ балигъ мыхъуауэ Iущыгъэшхуэ къэзыгъэлъагъуэхэр мащIэкъым.

КЪАГЪЫРМЭС Борис.

Адыгэ бзылъхугъэ

Зочэнджэщ, зэдоIэпыкъу

***Бзылъхугъэр лъэпкъым и набдзэщ, и нэмысщ, и узыншагъэщ. Ар анэшхуэщ, анэщ, шыпхъущ, щхьэгъусэщ, бынщ, ныбжьэгъущ... Нобэрей гъащIэм абы адэкIи куэд кьыпылщэ хъунущ: лэжьэгъущ, къулыкъущIэщ, егъэджакIуэщ, дохутырщ, хьэрычэтыщIэщ, къызэгъэпэщакIуэщ, Республикэм сыт хуэдэ увыпIэ щаубыдэр бзылъхугъэхэм? Сыт хуэдэ ахэр я цIыху щыкIэкIэ, IэщIагъэкIэ, зэфIэкIкIэ? А псом теухуауэ депсэльащ ЦIыхубзхэм я Налшык къалэ советым и унафэщI Дыджэш Лидэ.**

- Лидэ, дауэ уеплъэр, сыт хуэдэ увыпIэ мы зэманым бзылъхугъэхэм республикэм щаIыгъыр?

- Бзылъхугъэхэр пэрытщ жэуаплынгъэшхэр зыпылъ IэнатIэ гугъухэм. ИкIи хъарзынэуи йохъулIэ. Бзылъхугъэхэр жыджэру хэтщ экономикэми, политикэми, жылагъуэ Iэхэуми. Щапхъэу къэзгъэлъэгъуэнут КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ Егоровэ Татьянэ. Сэ абы и IэхэущIафэхэм сыщыгъуаззщ, комсомол лэжьыгъэмэзгъуэсуцIыззрыхэтам ныкъэкIыу. Егоровэ Татьянэ «Илъэсым и бзылъхугъэ» зэпеуэм «Политикэ, жылагъуэ лэжьакIуэ жыджэр» цIэр къыззэрыщыфIащащи куэдым я щIыхьэтщ. Я IэнатIэм хуэфащэу пэрытщ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэхэу Емуз Нинэрэ Шэт Ирмэрэ. Апхуэдэ щапхъэхэр ди мащIэкъым.

- Сыт и IэхэущIафэ уэиунафэщI советым?

- Ди советым Iэхэугъуэ зэхуэмыдэхэр къызэрегъэпэщ - «Илъэсым и бзылъхугъэ», «Гъащ Iэм хуэжыджэр», «Зи Iэщ Iагъэм хуэIэкIуэлъакIуэ», «Музэм хуэлажьэ», «Муниципальнэ, къэрал къулыкъущIэ жыджэр», «ЦIыхугъэ, гущIэгъуэ» жыпIэми. Мы зэпеуэхэр сэбэп мэхъу цIыхубзхэм зэфIэкI зэраIэр, куэдым зэрыхащIыкIыр наIуэ къэщIыныжкIэ. «Унагъуэ зэгурыIуэм екъулIэныгъэ иIэщ» зэпеуэм цIыхухэр къыхуреджэ псэкIэ я гъунэгъуэхэм я гуапэ ящIыным, дэчыхяхэ ныкъ. «Бзылъхугъэ узынщэр - IэпэкIым и узынщагъэм и лъабжьэщ», «Бзылъхугъэр сабиигъуэ насыпыфIэм и кьежьапIэщ» Iэхэухэм хуэди идогъэкIуэкI. Кьыхэзгъэщыну сыхуейщ дэ едгъэкIуэкI пшыхьхэм, зэIущIэхэм сабий садым кIуэхэр, школакIуэхэр, студентхэр къызэретшапIэр. Сыту жыпIэмэ, щIэблэр гъэсэныр, дахагъэм дегъэхьэныныр, щапхъэфI егъэлъагъуныр ди Iэхэущапlэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящIыщщ.

Иджыблагъэ дыхэтащ «Бзылъхугъэр къызыхуигъэщIар» и фIэщыгъэу Гроэнэ къалэм щекIуэкIа конференцым. Ар гуэшат «Бзылъхугъэм и хуитыныгъэр хъумэныжкIэ лэжьыпхъэхэр», «Фейдэ къеГъэщIыным емыпхэ зэгухьэныгъэхэмрэ властымрэ Кавказ Ищхьэрэм и бзылъхугъэ хуэмыщIахэм ядэIэпыкъуным хуэунэтIауэ зэрызэдэлажьэ щIыкIэр», «Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу бзылъхугъэ хуэмыщIахэм ядэIэпыкъунымкIэ Iэмалхэр» Iыхьэу. Ди советым къеГъэщIылIащ «Дэрэжэгъуэ» бзылъхугъэ клубыр. Абы хэтщ егъэджакIуэхэр, дохутырхэр, урэрэджвакIуэхэр, хьэрычэтыщIэхэр, нэгъуэщIхэри. Клубым къыдоГъэблагъэ республикэм и цIыху цIэрыIуэхэр, щыдогъэкIуэкI пшыхь щIэщыгъуэхэр. Псоми ягу кьинэжащ «Бзылъхугъэхэм я Iэдакъэщ Iэкъ» пшыхьыр. Клубым хэтхэр къеджащ икIи тепсэльыхьащ республикэм и усакIуэхэу Балъкъэр Фоусэт, Зумакуловэ Танзиля, Къэшэж Иннэ, Къанакъуэ Заринэ, Моттаевэ Светланэ сымэ я усэхэм. «Лъагъунэгъэм и тельыджагъэм дытеригъэпсэльыхь» пшыхьыр къызэдгъэпэщауэ щытащ Омар Хайям, Тютчев Фёдор, Асадов Эдуард сымэ я тхыгъэхэр и лъабжьэу икIи ар бзылъхугъэхэм я махуэм тедухуат. «Макъамэ кэущIым» зысфIэтща пшыхьым къедгъэблагъэат Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал Музыкэ театрым и къэвалIуэхэу Дау Марьянэрэ Тауненовэ Галинэрэ.

- Фи дежь кьекIуалIэжам хуэзэ сыт нэхъ зыгъэпейтейр?

- УпщIэ зэхуэмыдэхэр яIэу къокIуэ цIыхухэр. «Анэм и щIыхь» саугъэтым куэд кьыщIоупщIэ. Ауэ а тыгъэр зыхуаГъэфэщэнур кьыщыхахкIэ, цIыхубзым бын куэд зэриIэм нэмыщI, абыхэм яхилъхьа гъэсэныгъэмрэ езым и IэхэущIафэхэмрэ кьалъытэ. Ди унафэ зыхэмылъ IэхэукIи зыкьыщытхуагъазэ кьохъу. Апхуэдэхэм дежи цIыхухэр жэуапныщэу тхуэзытIыпщыжыркъым. Сэбэп кьахуэхъфыну Iэхэущ Iапlэм допсалъэ, яхэущIэнур зэхьдогъэкI. Пэжщ, псори арэзы тхуэщIыркъым, ауэ зыкьытхуэзыгъазэхэм цIыху гуапэ куэди кьахокI.

Апхуэдэхэм уепсалъэ, чэнджэщ епт кьудейми фIыщIэ кьыпхуащI. Дэри абы гукъыдэж кьытхелъхьэ.

- Советым хэт кьыдэIэпыкъуэ?

- Iэхэугъуэ гъэрхэр кьыщыздгъэпэщхэм деж кьыддоIэпыкъу Налшык къалэ администрацэр. ЦIыхухэм зыкьытщагъакъуэ чэнджэщкIи, мыпхъукIи, псалъэ гуапэкIи. Дауи, сэбэп кьытхуохъу спонсорхэр. Псалъэм и хьэтыркIэ, гъащIэм щытыкIэ гугъум иригъэувэ цIыхухэм, ныкъуэдакъуэхэм, сабий зеинэхэм я деж Iэнэщ1у укIуэ хъунукъым. Налшык интернат-школ гуэрым драгъэблагъат. «Консалтинг - Аудит - Эксперт» ООО-м и унафэщI Чуловэ Наталье абы щIэ сабийкэм саугъэт дахэхэр яхуишауэ щытащ. Ныкъуэдакъуэхэм я махуэм «Эдельвейс» клубым дыщыIати, «Эра» тыкуэным и унафэщI Эльдаровэ Риммэ сабийхэм кьахуищэхуат зэрыджэгу хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр.«Къэббалъкъэтхьлъ» ООО-м и генеральнэ унафэщI Джатэжь Розэ кьыддоIэпыкъу зэхьзэхуэ гуэрхэр кьыщыздгъэпэщхэм деж. Илъэс кIуам абы и галереем щедгъэкIуэкIащ Щынхабзэм и илъэсыр щызэхэутщыжа, Литературэм и илъэсыр кьыщедгъэблагъэ Iуэху дахэ. «Фиалка» фирмэм и унафэщI Дадаги Пёля ди советым иригъэкIуэкI гуфIэгъуэ зэIущIэхэр удз гъэгъакIэ тхуегъэщIэращIэ. Жьы хъуахэм я махуэм ирихьлIэу едгъэкIуэкI Iуэхум мыльхукIэ кьэкохьэ Бэрсэдж Ю., Мэлей А., Хьэжу З., Малкаров А. сымэ.

Ди советым иIэщ псапащIэ Iэхэум хэтлъхьэ хьэпшыпхэр щызэхуэтхьэс фонд (Кулиевым и уэрамым тет унэм №28 «А»-м и 3-нэ къатыр). Ар къалэ администрацэм къыдитащ пщIэншэу Iэхэу щызетхьэну. Украинэм IэмалыншагъэкIэ кьикIауэ «Лебедь» санаторэм щIагъэтIысхьахэм «Рассвет-С» ООО-м и унафэщI ХьэIупщы Светланэ псапэ яхуищащ - и тыкуэным щIэлъ вакъэхэм ящыщ куэду яхуишащ. Украинэм дэIэпыкъун Iэхэум хэтащ хьэрычэтыщIэхэу Темыржанэ Владимиррэ Нэжэбатрэ. Темыржанхэ я унагъуэм я цехым кьыщашри гуэзвэгъуэм кьрихужьажэм хуашащ щыгъуэм куэд - нэхъ цIыкIу дыдэхэми, балигъхэми яхуэхъунухэр.

- Налшык къалэ дэс бзылъхугъэхэм я советым дяпэкIэ сытхэр и мурад?

- АдэкIи ди лэжьыгъэхэм пытщэнущ, сэбэп дыззрыхъунми и ужь дитынущ. ЕдгъэкIуэкIынущ зэIущIэхэр, пшыхьхэр, псапэ Iэхэухэр, зэпеуэхэр. Иджыпсту и ужь дитщ «Унагъуэр цIыхум и льапIэныгъэ нэхъыщхьэщ» зэпеуэм. ШколакIуэхэмрэ студентхэмрэ сочиненэхэр, блын газетхэр, буклетхэр кьрагъэхь dilidia@mail.ru электрон хэщIапIэм. Дэтхэнэ лэжьыгъэри кьыдопщытэ, зытетхыхьыр зэрызэпкърахар, щIэщыгъуэу халъхьар, гурыIуэгъуэ зэращIар, лъэпкъ Iэхэу кьызэрызэщыр кьэтлъытэурэ. КьэпщытакIуэ гупым хэтщ бзылъхугъэхэм я советым щыщхэр, егъэджакIуэхэр. 2015 гъэм накъыгъэм зэпеуэм кьрикIуахэр кьэтпщытэжьынущ. КьыхэжаныкIэхэм саугъэткIэ, щIыхь тхылъкIэ, фIыщIэ тхылъкIэ дахэуэпсэнущ.

- Лэжьыгъэм кьыдэхуэ зэманыр дауэ бгъакIуэрэ?

- СыпщэфIэну сфIэфIщ, псом хуэмыдэу хьэжьыгъэм кьыхэщIыкIауэ IэфI гуэркэр кьэзгупсысу згъэжьэну. «Адыгэ псалъэ» газетым и «Малъхэдис» напэкIуэцIым кьытохуэ шхыныгъуэхэм я пщэфIыкIэр. Ахэри кьызогъэсэпэ.

Епсэльар **ГУГЪУЭТ Заремэщ.**

Ди уэрэджыIакIуэ нэхъ цIэрыIуэхэм ящыщ КЪБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ Бэрэгъун Марианнэ. Ар Тэрч районым хыхьэ Плановскэ къуажэм къыщалъхуащ. Тэрч къалэ щыIэ макъамэ еджапIэм фортепианэмкIэ и къудамэр. Налшык дэт Макъамэ училищэр кьиухащ.

Гум къиIукIырщ уэрэдыр

Бэрэгъун Марианнэ

- НАЛШЫК Макъамэ театрым сыщыIэжьащ, школым, сабий садым макъамэзм щыхуезгъэджащ. Адыгэ макъамэзр фIыуэ зыльагъу, лъэпкъ щэнхабзэм дихьэх цIыху сыхуэзэщ, си уэрэд жыIэкIэр и гум дыхьэри, зызужьыныжкIэ сэбэп кьыскухуэхъуащ - Москва лэжьакIуэ сригъэблагъащ, - жеIэ уэрэджыIакIуэм, - КIэрэф Руслан езыри Тэрч щыщти, нэхъри и гуапэу кьыздэIэпыкъащ.

Бэрэгъун Марианнэ екъулIэныгъэхэр иIэу иджыпсту Москва щолажьэ, альбомхэр кьыдегъэкI.

- «Акбаш» рестораным уэрэд щыжызоIэ. Сэр нэмыщI, Руслан Тэрч щыщ зы щIали абы иригъэблагъащ. Новиков Александр сэрэ дыздолажьэ. «Тэрч рекордс» студие кьызэдгъэпэщащ. Адыгэ макъамэхэр Налшык щызотх, урыс уэрэдхэр - Москва. Иджыпсту Текуев Амур и гъусэу зы уэрэд дгъэхьэзырыну ди мурадщ. ПIэнпкъ уэрэд едэIуэну яфIэфIу къокIуэ Москва дэс адыгэхэр. КьызэдаIуэхэм мыхьэнэ зратыр си макъ кьудейракъым, атIэ утыкум сыкъызэрихьэ фащэхэри я гум дыхьэу си гугъэщ. Фащэхэм езгъэдаи къэсщэхуаи яхэтщ. Псом хуэмыдэу сигу ирохь ХьэцIыкIу Мадинэ схуидакэр.

Адыгэ Хасэм, Къалмыкъ Юрэ и цIэр зезыхьэ «Адыгэхэр» фондым Iэхэу яIэмэ, я гуапэу срагъэблагъэ. Нэгъаплъэ Аскэрбий лэжьапIэм накIуэри жиIащ трих кином сыхигъэтыну зэрыхуейр, Сэтэней гуащ и образыр къызэрысхуигъэфащэр. Адыгейм сыкIуэри, зытрезгъэхащ. Си гуапэ дыдэу сыхэтащ, сыту жыпIэмэ си лъэпкъым теухуауэ къызэрагъэпэщ Iэхэухэр зэрыхуейр, Сэтэней гуащ и образыр къызэрысхуигъэфащэр. Адыгейм сыкIуэри, зытрезгъэхащ. Си гуапэ дыдэу сыхэтащ, сыту жыпIэмэ си лъэпкъым теухуауэ къызэрагъэпэщ Iэхэухэр ядэсIыгъуэ зэрыхуейр, сэтэнэ гуащ и образыр къызэрысхуигъэфащэр. Адыгейм сыкIуэри, зытрезгъэхащ. Си гуапэ дыдэу сыхэтащ, сыту жыпIэмэ си лъэпкъым теухуауэ къызэрагъэпэщ Iэхэухэр зэрыхуейр, сэтэнэ гуащ и образыр къызэрысхуигъэфащэр. Адыгейм сыкIуэри, зытрезгъэхащ. Си гуапэ дыдэу сыхэтащ, сыту жыпIэмэ си лъэпкъым теухуауэ къызэрагъэпэщ Iэхэухэр ядэсIыгъуэ